

Pwoteje Bebe W La Kont Koklich

Koklich se yon maladi respiratwa trè kontajye ki ka lakòz gwo kriz tous.

- Bebe ki gen mwens pase 6 mwa yo gen pi gwo risk pou yo vin trè malad. Yo ka gen pwoblèm pou respire epi ka nesesite yon ospitalizasyon.
- Anpil bebe enfekte atravè manm fanmi oswa moun k ap bay yo swen ki pa konnen yo malad.

Pwoteje bebe w la depi nan nesans li! Vaksinasyon pandan gwosès bay pwoteksyon prekòs nan moman kote bebe yo gen plis risk.

Kòman ou ka anpeche koklich?

Gen de vaksen ki bay pwoteksyon kont koklich:

- **Diphtheria, Tetanus, Pertussis (DTaP):** Pou bebe ak timoun piti (soti 6 semèn pou rive nan laj 6 lane)
- **Tetanus, diphtheria, pertussis (Tdap):** Pou timoun ki pi gran ak granmoun (laj sèt lane ak plis)

Moun ki ansent dwe pran Tdap pandan chak gwosès (ant 27yèm ak 36yèm semèn). Sa ede pwoteje bebe yo anvan nesans yo epi redwi anpil risk pou yo gen koklich.

Pran Tdap pandan gwosès fonksyone pi byen, men si ou pa t resevwa li epi ou pa t janm pran vaksen an anvan sa, al pran vaksen an pi vit posib apre akouchman.

Jeneralman efè segondè yo modere epi yo ka gen ladan yo doulè nan bra, tèt fè mal, oswa doulè nan misk. Pale avèk founisè swen sante w la si w gen kesyon.



Manm fanmi yo ak moun k ap bay swen yo dwe pran vaksen tou omwen de semèn anvan bebe a rive.

Pou plis enfòmasyon:
nj.gov/health/cd/vpdp.shtml
bit.ly/4msBWV

Depatman Sante New Jersey (New Jersey Department of Health) te prepare dokiman sa a pou lopital ak sant akouchman yo ka distribye l, dapre N.J.S.A.26:2N-7.1, tèks lwa a disponib nan adrès sa a pub.njleg.gov/bills/2012/PL13/275_.HTM